

Kategori: **ELÈV**

Pibliye :22 novanm 2002

Nimewo : **A-610**

Sjè: **AKTIVITE KOLÈK FON AK AKTIVITE POU KOLEKTE LAJAN NAN MEN ELÈV**

Paj : 1 nan 1

## **REZIME CHANJMAN YO**

Règleman an defini aktivite pou kolekte fon ak paramèt osijè kolèk fon, pami yo, ki lè yo ka òganize yo, epi li prevwa kontwòl entèn lajan yo kolekte yo ak kontwòl depans yo.

### **Nouvo dispozisyon:**

- Yon nouvo dispozisyon pèmèt evalyasyon chaj pou kat idantite elèv oswa kat pwogram ki pèdi oswa andomaje. Seksyon 6.
- Yo ajoute Règ 19.6 Konsèy Regents lan. Li di yo pa pèmèt pou mande timoun nan lekòl yo don byenfèzans dirèkteman, ni yo pa gen dwa fè sa pandan lè lekòl. Seksyon I.C.

## REZIME

Kolèk fon se nenpòt aktivite yon lekòl oswa asosyasyon paran fè ki gen rapò avèk mande lajan pou yo depoze nan yon òganizasyon jeneral oswa yon lòt kont lekòl la ki separe avèk kont kote yo kenbe fon vil la, eta a oswa fon federal. Règleman sa a defini paramèt osijè ki lè yo ka òganize kolèk fon, epi li prevwa kontwòl entèn konsènan lajan yo kolekte yo ak kontwòl depans yo fè. Règleman sa a ranplase A-610, Aktivite Kolèk fon ak koleksyon, yo te pibliye nan dat 5 septanm 2000.

- I. Kolèk fon se nenpòt aktivite yon lekòl oswa paran oswa asosyasyon paran fè ki gen rapò avèk mande lajan pou yo depoze nan yon òganizasyon jeneral oswa yon lòt kont lekòl la ki separe avèk kont kote yo kenbe fon vil la, eta a oswa fon federal.
- A. Yon aktivite konsa pa dwe entèfere avèk pwogram enstriksyon lekòl la.
  - B. Kolèk fon asosyasyon paran oswa asosyasyon paran-pwofesè patwone mande pou direktè lekòl la bay apwobasyon l alekri si y ap fèt nan lè lekòl epi yo:
    1. angaje elèv; oswa
    2. y ap fèt sou pwopriyete lekòl la
  - C. Aktivite kolèk fon ki angaje elèv pandan lè lekòl la pa dwe fèt plis pase yon fwa pa ane si se lekòl la k ap òganize yo epi pa plis pase de fwa pa ane si se asosyasyon paran oswa asosyasyon paran pwofesè k ap òganize yo. Kondisyon sa a pa aplike pou lè lekòl la ap fè lavant lèt, rafrechisman oswa piblikasyon, aktivite General Organization (G.O.), aktivite club lekòl la, oswa koleksyon frè pou G.O.. Sepandan, yo pa pèmèt pou mande timoun nan lekòl leta yo don byenfezans dirèkteman, ni yo pa gen dwa fè sa pandan lè lekòl.
- Fon yo ramase nan aktivite kolèk fon lekòl la patwone ale nan kès lekòl la; fon yo ramase nan aktivite asosyasyon paran patwone ale nan kès asosyasyon paran. Nan toude ka yo, yo dwe itilize fon yo ramase yo pou ogmante oswa konplete pwogram sosyal ak kiltirèl nan lekòl la.
- W ap jwenn pwosedi pou suiv pou kontabilize fon yo kolekte, depoze ak dekese nan *Standard Operating Procedures Manual*.
- II. Yo entèdi aktivite kolè fon sa yo:
- A. Vant biyè pou timoun ale nan sinema oswa teyat amwenske pwojè a konekte dirèkteman avèk kourikoulòm lan.
  - B. Timoun pou ale mande fon pòt-an-pòt.
  - C. Vant biyè raf bay timoun .
  - D. Bingo oswa nenpòt lòt tip jwèt aza.
- III. Fotografi komèsyal
- A. Se direktè lekòl la k ap pran desizyon si wi oswa non y ap itilize aktivite kolèk fon sa a nan lekòl la apre li fin pale avèk konsèy egzekitif asosyasyon paran an.
  - B. Chwa fotograf la se responsablite konsèy egzekitif asosyasyon paran an avèk konsantman direktè a. Se asosyasyon paran an ki siyen kontra a.
  - C. Yo mete fon yo ramase nan pwojè sa a nan kès asosyasyon paran an pou yo itilize pou benefis timoun nan lekòl la.
  - D. Fòk gen yon fòm konsantman paran siyen pou ale nan dosye nan biwo direktè a pou chak timoun y ap pran foto. Fòm sa a sipoze eksplike rezon pwojè a epi li sipoze genyen pri foto

yo. Yon fòm kòmand paran siyen kapab sèvi kòm fòm konsantman ki nesèsè a. Yo pa ka fè foto okenn timoun san konsantman paran li. Yo dwe suiv menm pwosedi a pou foto gwoup.

- IV.** Okenn pwofesè ni paran pa gen dwa pou kolekte kòb nan men elèv amwenske direktè lekòl la otorize sa alekri an konfòmite avèk règ ak règleman Depatman edikasyon. Yo entèdi òganizasyon deyò (ki la pou fè pwofi) pou kolekte kòb nan men elèv amwenske Chanselye a oswa reprezantan li otorize sa alekri.
- V.** Li nesèsè pou gen kontwòl entèn apwopriye pou founi yon audit ki akseptab pou fon yo kolekte, depanse kòm rezilta aktivite kolèk fon.
- A. Anba sipèvizyon direktè a, yo dwe prepare yon deklarasyon sa a epi kenbe l nan dosye nan biwo trezorye lekòl la pou moun ki gen otorizasyon enspekte. Deklarasyon sa a dwe di tip aktivite kolèk fon, non pwofesè ki anchaj pou fè koleksyon an ak apwobasyon alekri direktè a.
- B. Apre yo fin kolekte yon fon espesifik, oswa nan fen tèm lan, kèlkeswa sa ki vin avan an, chak pwofesè ki anchaj yon aktivite espesifik dwe remèt yon rapò siyen bay trezorye lekòl la ki di ki kantite fon yo kolekte pandan peryòd aktivite a.
- C. Pwofesè pa dwe fè okenn depans ki soti nan kòb yo kolekte a. Yo dwe remèt koleksyon sa a bay trezorye lekòl la an okonplè. Depans ki nesèsè dwe jwenn apwobasyon direktè lekòl la oswa reprezantan l, epi se trezorye a ki dwe peye avèk yon chèk, oswa avèk kòb ki nan tikès. Dwe gen fakti ak bon nan dosye ki pou sipòte tout depans.
- VI.** Anba okenn sikonstans, yo pa dwe vann materyèl ak liv Depatman edikasyon founi pou yo itilize nan klas, nan atelye oswa nan laboratwa, ni yo pa sipoze chaje elèv anyen pou yo. Yo pa dwe entèprete sa kòm yon anpechman pou yo vann elèv ak/oswa piblik la pwodui fini oswa pwojè yo fabrike nan laboratwa oswa atelye kòm pati pwogram enstriksyon regilye a. Ni tou yo pa dwe entèprete paragraf sa a kòm yon anpechman evalyasyon chaj pou bagay ki pèdi, bagay ki kase oswa andomaje nan atelye ak laboratwa, manyèl eskolè, materyèl oswa kat idantite oswa kat pwogram elèv.

**VII. KESYON**

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, ou sipoze rele :

Telefòn:  
718-935-2660

*Division of Financial Operations*  
65 Court Street - Room 1701  
Brooklyn, New York 11201

Faks:  
718-935-2461